



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL REYINYON VITYÈL
KOMITE LEKÒL BOSTON NAN**

30 Out 2023

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon vityèl nan dat 30 Out 2023 a 5 p.m. sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, voye imèl nan feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Chantal Lima Barbosa; Quoc Tran; ansanm ak Reprezantan Elèv yo, Diego Mehta.

Manm Komite a ki te absan: Rafaela Polanco Garcia

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda

Rapò Reyinyon: 21 Jen 2023; ak 26 Jiyè 2023

Rapò Avoka Natasha Tidwell

PowerPoint Tidwell

Aplikasyon Rekòmandasyon Tidwell Biwo Kapital Imen an (Office of Human Capital)

Nòt: Mizajou Sipèntandan sou Preparasyon Rantre Lekòl la, Ane Lekòl 2023-2024

PowerPoint sou Rantre Lekòl la, Ane Lekòl 2023-2024

Sibvansyon pou Apwobasyon ki Totalize \$5,842,243

Nòt: Revizyon Politik Admisyon Madison Park Technical Vocational High School (MPTVHS)
Pwopoze Yo

Pwopozisyon Politik ki Revize sou Deklarasyon Enpak Ekite MPTVHS

Reyinyon Vityèl Komite Lekòl Boston lan
Zoom

30 Out 2023

Pwojè Politik sou Admisyon MPTVHS

PowerPoint sou Pwopozisyon Politik MPTVHS ki Revize

Evalyasyon Somatif Sipèrèntandan an, Ane Lekòl 2022-2023

PowerPoint Sipèrèntandan an sou Evalyasyon an, 30 Out 2023

Evalyasyon Pèfòmans Sipèrèntandan an, Ane Lekòl 2022-2023 - Prezidan Jeri Robinson

Evalyasyon Pèfòmans Sipèrèntandan an, Ane Lekòl 2022-2023 - Vis Prezidan Michael O'Neill

Evalyasyon Pèfòmans Sipèrèntanda an, Ane Lekòl 2022-2023 - Doktè Stephen Alkins

Evalyasyon Pèfòmans Sipèrèntandan an, Ane Lekòl 2022-2023 - Brandon Cardet-Hernandez

Evalyasyon Pèfòmans Sipèrèntandan an, Ane Lekòl 2022-2023 - Diego Mehta

Evalyasyon Pèfòmans Sipèrèntandan an, Ane Lekòl 2022-2023 - Rafaela Polanco Garcia

Evalyasyon Pèfòmans Sipèrèntandan an Ane Lekòl 2022-2023 - Quoc Tran

Nòt: Oto-Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 a Sipèrèntandan Fè

Oto-Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 a Sipèrèntandan Skipper Fè

PowerPoint:Oto-Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 a Sipèrèntandan Skipper Fè

APÈL POU KÒMANSE

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman fidelite. Madam Sullivan te fè apèl. Madam Polanco te absan. Doktè Alkins te absan pandan apèl nominal la men li te rejwenn seyans egzekitif la. Mesye Mehta te absan pandan apèl nominal la men li te rejwenn reyinyon regilye a a 6 p.m. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te anonse ke Komite a t ap ranvwaye seyans egzekitif la pou yo kapab diskite sou estrateji konsènan Rapò Tidwell la nan sa ki gen pou wè ak litij ki ann atant oswa ki menase yo. Depi w fè diskisyon sa nan yon reyinyon ki louvri, sa kapab gen efè negatif sou pozisyon litij Komite a. Li te di ke Komite a t ap retounen nan seyans piblik la a 6 p.m.

Apwouve - A anviwon 5:05 p.m. apwoksativman, Komite a te vote ansanm, pa apèl nominal, pou repòte seyans egzekitif la.

30 Out 2023

RETOUNEN NAN SEYANS PIBLIK EPI BYENVENI

Lè li fè 6:12 p.m. yo konsa, Komite a te retounen nan seyans piblik la. Madam Robinson te anonse ke Komite a te fèk retounen sot nan seyans egzekitif la pou yo kapab diskite sou estrateji konsènan Rapò Tidwell la nan sa ki gen pou wè ak litij ki ann atant oswa ki menase yo. Depi w fè diskisyon sa nan yon reyinyon ki louvri, sa kapab gen efè negatif sou pozisyon litij Komite a. Li te fè konnen ke reyinyon aswè a te difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Epi, y ap pibliye l sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou Youtube. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, ak Lang Siy Ameriken (ASL) epi li te founi konsiy sou kòman pou gen aksè ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan. Yo te pibliye dokiman reyinyon ki tradui yo nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

Madam Robinson te akeyi nouvo Manm Komite Lekòl la, Chantal Lima Barbosa, ki pral fini manda Lorena Lopera te genyen avan an k ap fini nan ane 2024 la. Madam Lima Barbosa te fèt Boston epi li te leve Cabo Verde. Nan lane 2010, li te retounen Boston, kote li te nan Jeremiah E. Burke High School kote li te rive gradye antanke meyè elèv pwomosyon an nan lane 2012. Li te vin dekwoche yon Lisans nan Syans Politik nan lane 2016 ansanm ak yon Metriz nan Ansèyman Siperyè ak Administrasyon nan lane 2018 nan University of Massachusetts Amherst. Madam Lima Barbosa te oparavan sèvi ajan lyezon pou kominote Dorchester ak kominote Cabo Verdean yo nan Biwo Sèvis Katye Vil la. Li te reprezante yon resous ki enpòtan pou rezidan k ap aprann oryante yo nan sèvis Vil la tout pandan pandemi COVID-19 la. Li te sèvi tou ajan lyezon pou Konsèy Vil la nan Biwo Relasyon Entè-gouvènmantral yo. Aktyèlman, li okipe pòs direktè rekritman pou Duet, yon òganizasyon ki pa pou fè lajan ki bay fòmasyon nan ansèyman siperyè. Se Majistra Michelle Wu ki te asèmante Madam Lima Barbosa nan dat 25 Out la.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve, nan inanimite, pwosè vèbal reyinyon Komite a te fè yo nan dat 21 Jiyè 2023 ak 26 Jiyè 2023 a.

RAPÒ

Rapò Avoka Natashia Tidwell - Egzamen Desizyon sou Konje Administratif ki Peye ansanm ak Rezilta Disiplinè yo: Jesyonè Biwo Santral BPS/Responsab Lekòl yo - Avoka Natashia Tidwell ki nan kabinè avoka Mintz lan te egzamine kalandriye egzamen li te fè nan non Lekòl Piblik Boston yo (BPS):

- 17 Out 2022 – Yon anplwaye BPS enfòmè Sirentandan pa Enterim lan. Echelson & Sirentandan k ap Antre a. Skipper ki gen enkyetid ki gen rapò ak ogmantasyon

30 Out 2023

britsoukou nan ki fèt nan kantite administratè senior BPS ki gen koulè yo te ankete e mete yo sou konje administratif ki peye.

- Investigatè ekstèn yo idantifye a
- Otòn 2022 – konpilasyon done
- Prentan 2023 – entèvyou avèk aksyonè entèn ak ekstèn yo
- Ete 2023 – finalizasyon ak rapò konklizyon

Dimansyon Egzamen Mintz lan

- Rezime Plent Entèn lan:
 - Pandan 10 mwa presedan yo (Ane Lekòl 2021-2022 a), BPS te ankete epi li mete yon kantite enpòtan administratè prensipal
 - Demann pou retni investigatè ekstèn yo pou yo kapab idantifye modèl potansyèl prejije enplisit oswa diskriminasyon rasyal yo.
- Peryòd Egzamen
 - Elaji pou enkli Ane Lekòl 2019-2020; 2020-2021; ak 2021-2022
- Pòs yo nan Egzamen an
 - Responsab Lekòl yo (pa egzanp, direktè ak ko-responsab lekòl yo)
 - Anplwaye Jesyon Biwo Santral la

Apèsi sou Ankèt ansanm ak Pwosesis Disiplinè BOS la

- Yo jeneralman adrese plent yo ak Biwo Ekite a (“Ekite”) oswa Biwo Relasyon Travay la (“OLR”)
 - Ekite: trete akizasyon sou konduit ki baze sou prejije ak konduit diskriminatwa ansanm avèk asèlman seksyèl oswa yon move konpòtman similè
 - OLR: trete tout lòt akizasyon
- Si yon ankèt preliminè sijere ke konduit prezime a t ap konstitiye yon vyolasyon nan règleman BPS la, Distri a pral kontinye avèk yon ankèt.
 - Yo pran desizyon PAL la.
 - Yo pibliye yon avi sou Reyinyon Ankèt la.
- Kritè desizyon PAL la:
 - (1) enkyetid sou sekirite
 - (2) modèl konpòtman oswa menas nan entegrite ankèt la
 - (3) nivo gravite konduit la

Toudepannde nati akizasyon yo, Distri a ka chwazi mennen yon ankèt defason entèn oswa li ka chwazi kenbe yon investigatè ekstèn.

- Si akizasyon yo fonde, Distri a pral detèmine ki mezi, si genyen, ki nesèsè.
 - Mezi disiplinè a ka ale de yon avètisman oral pou rive nan revokasyon.

30 Out 2023

- Lè gravite move konduit la jistifye yon sispanasyon oswa yon revokasyon, yon odyans fòmèl obligatwa.
- Lè gravite move konduit la jistifye yon revikasyon, Distri a ka negosye yon akò separasyon avèk anplwaye a oswa ba li posiblite pou l demisyone olye yo revoke l.

Rezime Konklizyon yo:

- An mwayèn pou peryòd egzamen pandan twa zan an, yo te idantifye 246 anplwaye BPS kòm Jesyonè Biwo Santral oswa Responsab Lekòl (popilasyon sib la). Pami yo, selon done ki disponib yo, yo te idantifye yon ti kras plis ke mwatye (53.6%) kòm moun ki gen koulè.
- BPS te ankete 37 manm nan popilasyon sib la pandan peryòd egzamen an.
 - yo te mete 15 sou PAL la pandan y ap tann rezilta ankèt la (7 blan ak 8 ki pa blan);
 - yo te ankete 22 men yo PA t mete yo sou PAL (11 blan ak 11 ki pa blan)
- Yo te rive fè 35 ankèt nan moman egzamen sa a.
 - 8 ankèt te pèmèt yo tire konklizyon “Pa fonde.”
 - o Youn nan ankèt sa yo te konsène yon anplwaye ke yo te mete sou PAL pandan y ap tann rezilta a.
 - Rezilta disiplinè yo nan 27 lòt yo ale de fòmasyon pou ratrapaj rive nan revokasyon.
- An fonksyon de kantite anplwaye yo ankete yo ki relativman fèb la (37 total) ansanm ak move konpòtman prezime an, Mintz pa t kapab tire yon konklizyon ki fyab pou n konnen, ak nan ki nivo, ki ras yo konsidere nan desizyon PAL yo oswa rezilta disiplinè yo.

Obsèvasyon Kle yo

- BPS itilize kritè enfòmèl, ki varye epi ki pa ekri pou yo kapab detèmine Konje Administratif ki Peye a.
- ORL te mete plis anplwaye ki gen koulè sou PAL pase Biwo Ekite a men yo te trete plis pwoblèm pandan peryòd egzamen an (27 – 10).
- Tout 5 ankèt OLR yo sou vyolasyon prezime nan politik apwovizyonman yo oswa lòt iregilarite finansyè ki konsène POC.
- Pandan rezilta yo te varye nan BPS, Biwo Ekite a te gen plis chans pou l enpoze fòmasyon ratrapaj kòm yon mezi disiplinè.

Rekòmandasyon

- Etabli, aplike, ak pibliye kritè pou desizyon PAL yo.
- Entegre nan avi anplwaye sou desizyon PAL la faktè nou te baze sou yo pou n te kapab detèmine si PAL la te apwopriye.
- Etabli mekanis pou kontinye swiv pwosesis ankèt sou plent pou move konduit nan BPS (ansanm ak IM yo ansanm ak desizyon PAL yo).
- Etabli yon pwotokòl pou verifikasyon peryodik sou ankèt BPS yo ansanm ak pwosesis disiplinè yo pou idantifye tandans ansanm ak modèl ki potansyèlman pwoblematik yo ak pou n reyaji pa rapò ak yo.

Avoka Tidwell te note ke rapò a gen ladan l done sou pousantaj popilasyon sib la ke yo idantifye kòm moun ki gen koulè pandan chak nan ane lekòl yo egzamine yo. Epitou, ekip li a pral ajoute yon repatisyon ankèt pa ane lekòl pou chak grenn nan ane lekòl yo te revize yo.

30 Out 2023

Chèf Kapital Imen an, Francesse Canty ak Direktè Relasyon Travay la, Jeremiah Hasson te prezante repons distri a nan rekòmandasyon rapò a.

Rekòmandasyon Rapò a: Etabli, aplike ak pibliye kritè pou yo kapab detèmine konje administratif ki peye yo

Plan Aksyon BPS

- Revize Sikilè Sipèrentandan an konsènan Disiplin Anplwaye a pou defini klèman Konje Administratif la.
- Biwo Relasyon Travay la (OLR) pral enfòmè sendika BPS yo sou chanjman yo epi y ap ranpli tout obligasyon negosiyasyon depi revizyon yo fin fèt.
- Biwo Kapital Imen an (IHC) pral distribye sikilè ki revize bay tout anplwaye yo.

Rekòmandasyon Rapò a: Etabli mekanis pou kontinye swiv Plan Aksyon BPS pou pwosesis investigasyon sou plent pou move konpòtman nan BPS

- Biwo Kapital Imen an (OHC) ansanm ak Biwo Relasyon Travay la (OLR) ap revize sistèm swivi aktyèl la pou yo kapab pote amelyorasyon teknik k ap pèmèt yo analize ak rekipere done yo.
- OHC pral voye mizajou regilyèman bay responsab legal yo ak bay chèf depatman yo pou yo kapab asire ke yo rapòte ak swiv tout ankèt anplwaye yo.

Rekòmandasyon Rapò a: Etabli yon pwotokòl pou verifikasyon peryodik sou pwosesis disiplinè BPS yo pou idantifye tandans ansanm ak modèl ki potansyèlman pwoblematik yo ak pou n reyaji pa rapò ak yo.

Aplikasyon Biwo Kapital Imen an:

- Biwo Kapital Imen an (OHC) ansanm ak Biwo Relasyon Travay la (OLR) pral revize done yo rapòte ki apwopriye yo de (2) fwa pa ane pou yo idantifye tandans ak domèn enkyetid yo.

Madam Robinson te fè konnen ke Komite te òganize yon seyans egzekitif nan kòmansman sware a pou diskite sou Rapò Tidwell la nan sa ki gen pou wè ak litij ki menase oswa ki ann atant. Depi w fè diskisyon sa an piblik, sa kapab gen yon efè negatif sou pozisyon litij Komite a. Se poutèt sa a, Komite a pa pral poze kesyon nan moman sa a. Manm yo te gen okazyon pou yo poze kesyon ak pou yo diskite sou rapò a nan seyans egzekitif la. W ap jwenn rapò konplè ki pa sansire a disponib sou [pajwèb Komite a](#).

RAPÒ SIPÈRENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Prezidan Robinson epi bòn sware. Pou m kòmanse, m ap remèsye Avoka Tidwell pou prezantasyon li a aswè a ak pou travay li pandan ane ki sot pase a. Pandan ke mwen konprann ke

30 Out 2023

ankèt sa te pran plis tan pase sa n te prevwa avan an, li te vrèman enpòtan pou Avoka Tidwell te gen yon ansanm done ki konplè epi ki presi pou l kapab fè analiz li a. Li te pran plis tan pou n korije done yo pase sa n te prevwa a paske yo pa toujou estoke menm kote a. Gen yon bagay Distri a gentan kòmanse amelyore pou alavni yo kapab seleksyone byen fasil tout done ankèt ak done disiplinè yo pou yo kapab egzamine yo.

Li te enpòtan tou pou n te gen yon avoka ekstèn pou egzamine done nou yo pou n kapab asire ke ankèt la te fèt san prejije. Jan mwen te deklare sa lè ankèt la te kòmanse a, si yo te revele kèlkeswa prejije a, nou t ap pran yon mezi korektif imedyatman. Avoka Tidwell pa t kapab konkli ke yo pa t ankete oswa mete yon kantite anplwaye jesyon ki pa pwopòsyonèl ki gen koulè sou konje administratif la, epi li pa t kapab konkli ke te gen evidans pou prejije nan pwosesis disiplinè a. Sepandan, Avoka Tidwell, te idantifye domèn nan pwosesis pèsonèl nou yo ki merite yon egzamen ki plis apwofondi, ansanm ak rasyon anplwaye ki divèsifye ak sa ki pa divèsifye ke yo te voye ale pou pèfòmans e ke yo te ankete pou vyolasyon nan politik finansyè ak politik apwovizyonman nou yo pandan peryòd sa a. Avoka Tidwell te idantifye tou domèn kote Distri a dwe ogmante transparans, asire konsistans ak kòmanse oto-verifikasyon prejije yo ki te gen ladan l rekòmandasyon pou 1) elabore yon seri kritè klè ki ekri pou konje administratif ki peye a; 2) amelyore swivi done sou mezi pèsonèl li pran yo; ak 3) fè oto-verifikasyon detanzantan sou prejije.

Antanke yon Sipèrentandan, mwen pran rekòmandasyon sa yo oserye epi depite m yo ansanm avèk mwen ap travay an kolaborasyon avèk Biwo Kapital Imen an ansanm ak Biwo Relasyon Travay la pou n kapab aplike rekòmandasyon Avoka Tidwell yo byen rapid.

Anplis de apike rekòmandasyon Avoka Tidwell yo, Distri a te tande tou yon seri enkyetid parèy ke yon gwoup ansyen responsab BPS ki gen koulè te soulve konsènan itilizasyon reyinyon ankèt yo. Kòm repons pou enkyetid sa yo, Distri a pral

- 1) Amelyore sistèm swivi yo pou reyinyon ankèt yo;
- 2) Bay tout anplwaye ki kapab sibi yon mezi disiplinè yo yon lyen pou yo antre sou Sikilè Disiplinè BPS la pou yo kapab familiarize yo avèk pwosesis disiplinè a;
- 3) Enfòmè nenpòt anplwaye jesyon yo mete sou konje administratif la sou dwa li genyen pou l konsilte yon avoka ki espesyalize nan dwa travay avan reyinyon ankèt li a;
- 4) Asire ke investigatè a pa sèvi konseye-oditè tou pou odyans disiplinè yo.

Anplis de mezi sa yo, antanke yon Distri, nou dwe kontinye rekrute ak retni yon mendèv ki divèsifye ki reflète divèsite rasyal, kiltirèl, ak divèsite lengwistik jèn nou yo. Nou dwe vijilan e entansyonèl konsènan fason n ap kontwòle done ki konsène edikatè nou retni yo, rekritman, mezi disiplinè pou anplwaye yo, ansanm ak ranvwa ki gen rapò ak evalyasyon pèfòmans anplwaye ki gen koulè nou yo. Mwen pran angajman pou n asire ke nou gen yon distri ki reprezante elèv n ap desèvi yo pandan n ap garanti entèvyou pou tout kandida pwofesè divèsifye ki kalifye ki aplike pou yon pòs ki louvri; ak pandan n ap garanti omwen twa entèvyou pou nenpòt pwofesè pwovizwa ki gen koulè ki te resevwa yon nòt evalyasyon pèfòmans ki se konpetan epi ki reponn ak kalifikasyon minimòm yo pou pòs la; ak pandan n ap investi nan nouvo filyè ki pèmèt moun jwenn lisans. Finalman, mwen dwe rekonèt ke mezi disiplinè anplwaye a, kote ladan l yo ka fè revokasyon an, se toujou dènye mezi yo pran epi yo pran li sèlman apre yo fin byen egzamine prensip sou ekite nou yo.

30 Out 2023

Antanke yon enstitisyon piblik, nou dwe egzije pou anplwaye nou yo respekte nòm ki pi elve yo pou n kapab etabli ak mentni konfyans piblik la. Si yo akize yon anplwaye te vyole nòm sa yo, responsablite piblik la egzije yon ankèt e nan kèk ka, yon konje administratif tout pandan ankèt la an kou a. Pandan ke ni konje administratif la ni ankèt yo pa bay pinisyon, nou konnen ke pwosesis ankèt la fè enpak sou anplwaye yo. Pou n kapab asire ke desizyon sou konje administratif yo konsistan e ke yo pran yo sèlman lè sa nesèsè, n ap mete politik disiplinè nou an ajou pou n kapab dekri kritè ki genyen pou rekòmandasyon sa yo. Jan mwen te di sa avan an, nou pral asire n ke tout anplwaue yo mete sou konje administratif ak/oswa yo ankete yo jwenn sikilè disiplinè a ansanm ak notifikasyon sou dwa yo genyen pou yo gen yon reprezantan oswa yon avoka pandan pwosesis la. Pandan nou prefere konseye anplwaye yo olye nou enpoze yo mezi disiplinè a lè sa posib, gen kèk sitiasyon kote nivo gravite konklizyon defavorab la, tankou malfezans sou timoun, detounman lajan, gwo konfli enterè oswa aksyon ki gen nati kriminel, egzije pou Distri a pran yon mezi disiplinè kote yo ka menm rive fè revokasyon. Finalman, nenpòt anplwaye ki kwè ke yo petèt sibi diskriminasyon apre pwosesis disiplinè a oswa pou nenpòt lòt rezon an, gen dwa pou l soumèt yon plent nan Biwo Ekite BPS la, Komisyon pou Opòtinite Egal nan Anplwa, ak nan Komisyon Kont Diskriminasyon nan Massachusetts la.

Mwen pran agajman pèsònèl pou m kreye yon anviwònman travay kote anplwaye yo pran bonjan fòmasyon, yo respekte nòm pwofesyonèl ki elve yo, yo responsab pou pwòp aksyon yo epi yo kapab travay ak grandi nan yon anviwònman travay kote prejije ak vanjans pa egziste. Mwen vle souliye tou ke Komite Lekòl la te mande yon repatisyon anplis de ane lekòl 2021-2022 la (10 mwa jiska dat lèt la) depi lè premye plent lan te sitou mande peryòd sa a. M ap di Avoka Tidwell mèsè ankò pou tout travay li yo. Kounya, mwen vle pase nan rès rapò Sipèrentandan an.

Jan w te kapab wè sa nan medya yo, te gen anpil ensidan ki enplike jèn ansanm ak vyolans nan kominote nou an. Antanke yon distri, nou konprann ke yo dwe remake, tandè ak sipòte jèn yo. Kòm repons pou bagay n ap wè aktyèlman yo, n ap fè investisman antanke yon distri ki pral ede nou reyaji ak sipòte sa nou wè k ap pase jèn nou yo. Nou konnen ke aksyon yo gen konsekans yo men nou kwè tou ke lè nou gen yon seri adilt ki sousye epi ki konfyans k ap travay anndan lekòl nou yo, sa kapab pote yon chanjman tou. Se poutèt sa nou totalman gen yon seri espesyalis sou sekirite nan lekòl epi nou gen kowòdonatè konesyon kominotè nou yo ki pral ede nou devlope relasyon otantik avèk jèn yo pou n kapab ede yo avèk resous ni anndan ni andeyò lekòl la. Nou gen espesyalis nan jistis reparatris tou ki pral ede n devlope yon kilti ak klima ki gen akseptasyon ak lanmou. Lè gen yon bagay ki rive ki lakoz domaje oswa ki gen konsekans, se moun sa yo ki ede n tounen paj la ak ede jèn nou yo ansanm ak kominote lekòl la rive abouti ak yon solisyon. Se pou sa pratik reparatris la la menm.

Mwen pa kapab souliye ase pouvwa ki genyen nan devlope relasyon ki solid avèk elèv la ak fason sa enpòtan pou elèv yo konnen yo kapab ale kot yon adilt yo fè konfyans pou ede yo. Se nou tout k ap gen pou n met men pou n kapab ede jèn nou yo. N ap devlope sistèm ak estrikti sa yo pou n kapab ankadre elèv nou yo ak fanmi nou yo. Pandan n ap kòmanse ane lekòl la, mwen mande tout adilt ki sousye nou yo nan kominote nou an pou yo ede nou asire n ke elèv nou yo vin lekòl. Nou bezwen wè jèn nou yo lekòl chak jou epi nou pran angajman pou n travay avèk fanmi ak elèv yo pou n kapab elimine obstak ki anpeche yo vin lekòl regilyèman yo. Mwen vle bay yon mizajou sou kèk travay nou te vrèman prevwa ke nou pral antame pandan otòn sa a.

30 Out 2023

Pandan de (2) ane ki sot pase yo, Divizyon Operasyon BPS la t ap travay sou Evalyasyon Kondisyon Etablisman yo (FCA) pou ede avèk misyon jeneral nou ki se repara, renove ak repanse batiman ak espas lekòl nou yo. FCA a fè yon egzamen apwofonfi sou chak grenn atou fizik ki genyen nan tout batiman nou yo pou yo kapab reponn ak bezwen enfrastrikti ki enpòtan yo. FCA a bay yon rapò “enstantane” ki enfòmè nou sou kondisyon batiman nou yo kounya, men pati ki enteresan nan travay sa se tablodbò piblik la ke yo pral mete ajou regilyèman oframezi reparasyon ak renovasyon yo ap fèt la.

Pwiske nou fin kolekte done yo kounya, n ap travay sou tablodbò piblik la epi nou espere pataje l an piblik pou pita nan mwa Septanm nan. N ap enfòmè komite a ansanm ak piblik la nan semèn k ap vini yo lè tablodbò a prè pou n pataje l. Anplis de travay FCA a, ekip Planifikasyon Imobilizasyon yo ansanm ak ekip etablisman yo ap kontinye travay sou Etid sou Konsepsyon Lekòl la, ki pral pwodui 3 dokiman ki delivrab:

Premyeman, espesifikasyon pedagogik, ki se eleman debaz ke kominote lekòl yo bezwen yo. Dezyèmman, nòm konsepsyon yo, ki se eleman ki pi teknik nan tip materyèl, mèb, sistèm bilding, ansanm ak mezi dirabilite nou pral itilize nan nouvo lekòl yo oswa lekòl ki renove yo. Twazyèmman, yon ribrik sou priz desizyon. Sa pral ede n envesyi nan etablisman yo pou n kapab ede fè eksperyans elèv kalite siperyè yo nan BPS tounen yon reyalite nan tout Distri a. Objektif nou se kreye yon ribrik ki transparan, ki baze sou done, epi ki konsantre sou kreye pi bon opòtinite pou elèv nou yo.

Nan pwochen reyinyon Komite Lekòl la ap fèt nan dat 13 Septanm lan, n ap pataje yon ebòch apèsi sou kòman n ap kreye ribrik la, an fonksyon de kòmantè kominote a nou te tandè pandan sezon ivè ak prentan an. Nan mwa Septanm ak mwa Oktòb la, nou pral òganize yon seri reyinyon kominotè pou n kapab pi byen rafine ribrik la. Premye nan reyinyon sa yo pral yon Jounen Pòt Ouvèt nan Batimin Bolling lan nan dat 16 Septanm lan soti 10 a.m rive 2 p.m. Apre reyinyon kominotè sa yo, n ap mande òganis sa pou yo vote nan ribrik sou priz desizyon an. Lè n gen yon politik ki klè ke yon òganis k ap dirijie adopte, sa pral yon gwo pa anvè previzyon, konsistans, ak akselerasyon pwoje etablisman nou yo ki tèlman nesèsè yo. Nou yon pakèt travay devan nou pou n fè pou n kapab modifye enprent fizik Distri a pou n kapab ankouraje yon eksperyans kalite siperyè pou elèv pou chak grenn jèn ki nan Boston. Nou rekonesan dèske patnè nou yo nan Vil la pran angajman pou yo sipòte travay transfòmasyonèl sa sou plan finansyè. Ribrik sou priz desizyon an pral pèmèt nou pran desizyon ki pi eklere, ki pi klè, epi l pral pèmèt ale pi rapid – avèk ijans elèv nou yo merite yo. Gen anpil bagay ki gen pou fèt nan travay enteresan sa nan mwa ki gen pou vini yo.

Mwen te vle pataje tou yon mizajou byen rapid sou pwopozisyon pou n konstwi yon nouvo kanpis STEM lan pou O'Bryant ki nan Konplèks West Roxbury Education lan. Pandan sezon ete a, nou te lanse Komite pou Dirije Ansyen Etidyan ki Diplome nan Teknoloji nan O'Bryant ak Boston yo pou ede nou oryante planifikasyon konsènan pwogram ki elaji yo, patenarya, ansanm ak angajman kominote a. Gwoup sa pral sèvi mwayen responsabilizasyon – pou yo kapab asire ke pwojè a pwofite de okazyon an pou yo kapab rive kenbe pwomès ki te retade depi lontan an ki se pèmèt O'Bryant gen pwòp kanpis pa li ak konekte elèv nou yo avèk tout opòtinite Boston kapab ofri.

30 Out 2023

Nan mwa Jiyè ak mwa Out la, nou te dirije plizyè toune nan Konplèks West Roxbury Education pou ansyen etidyan ak anplwaye O'Bryant yo, epi nou te tandè kòmantè reflechi ak ide pou n kapab anvizaje potansyèl espas ki renove a. Nan pwochen reyinyon Komite Lekòl nou an ap fè a, nou pral pataje premye plan transpò nou an, ki fèt pou asire ke elèv ki soti nan tout katye yo kapab kontinye patisipe totalman nan kominote O'Bryant lan. Nou te pataje tou repons anliy pou kèk nan Kesyon Yo Souvan Poze yo, ansanm ak yon analiz sou lòt sit altènatif yo ak limit yo. W ap jwenn yo disponib sou boston.gov/gnd-bps. Nou espere òganize yon jounen pòt ouvèt nan WREC pita nan sezon otòn sa pou n kapab kontinye konvèsasyon an avèk elèv, fanmi, anplwaye, ansyen etidyan, ansanm ak lòt patnè O'Bryant yo.

Avan n antre nan preparasyon nou pou rantre lekòl la, mwen vle sèlman sòlve kèk pwèn enpòtan pandan ete sa a. Nou te pase yon 5yèm trimès ekstra-òdinè kote n te desèvi 9,573 elèv. Sa plis pase travay nou te fè ane pase a kote n te desèvi 7,089 elèv. Elèv nou yo te kapab itilize Boston antanke yon salklas. Kit se pou te konsantre sou aktivite STEM yo oswa sou sal men nou nan plante jaden, aprann sou zannimo yo nan reyalize film, Senkyèm Trimès nou an te fè yon travay ekstra-òdinè kote l te angaje elèv nou yo ak konekte yo ak Vil nou an.

BPS August Leadership Institute (ALI) te fèt nan Madison Park Technical Vocational High School pi bonè nan mwa sa a. Mwen renmen ALI, se lè tout responsab lekòl nou yo rasanble pou yo kapab fè planifikasyon pou ane k ap vini an. Se yon opòtinite pou n aliye travay nou an ak pou n aprann de youn lòt. Nou te gen yon pakèt konferansye ekstra-òdinè tankou: Majistra Michelle Wu, Prezidan Jeri Robinson, Prezidan BTU a, Jessica Tang ansanm ak Sekretè Edikasyon an, Doktè Patrick Tutweiler. Responsab lekòl nou yo kontan epi yo pare pou yo kòmanse yon lòt nouvo ane.

Pou m fini, se te yon plezi pou m te nan Kontarebou nan Matènèl la ki te fèt nan Boston Children's Museum yèswo a. Se toujou yon aktivite ki tèlman amizan pwiske nou wè kèk nan aprenan ki pi jèn nou yo eksite pou lekòl la epi paran yo ranpli avèk fyète. Nou te danse, eksplòre, distribye sakado ansanm ak bonbon epi nou te pataje enfòmasyon ki enpòtan avèk fanmi yo sou tout fason BPS kapab sipòte yo ansanm ak elèv yo. Nou remèsye Boston Children's Hospital, Boston Children's Museum, Cradles to Crayons ansanm ak Biwo pou Preparasyon Anfans Majistra a dèske yon òganize yon aktivite ki ekstra-òdinè konsa a.

Après, mwen ta renmen ba ou yon apèsi tou kout sou preparasyon nou pou rantre lekòl la. Nou te pataje yon nòt avèk Komite Lekòl la ki kouvri sijè sa yo avèk plis detay, men mwen te vle sòlve kèk pwèn ki enpòtan nan rapò m nan. Nan swa Lendi a, nou te òganize yon reyinyon kominotè sou Rantre Lekòl la sou zoom— nou remèsye Prezidan Robinson, Vis Prezidan O'Neill ansanm ak nouvo manm komite a, Lima Barbosa dèske yo te rejwenn nou. Nou te gen plis pase 800 fanmi ki te rejwenn nou pou yo kapab aprann plis sou kisa pou yo atann pandan n ap kòmanse ane lekòl sa a. Mwen ekstrèmman fyè de tout travay ekip la te rive fè yo pandan ane lekòl sa ki sot pase a pou yo kapab mete BPS nan yon pozisyon fòs pou ane lekòl k ap vini an ak pi devan toujou.

Pandan n ap kòmanse avèk anplwaye yo, anbochman nou an te solid ane sa kote yo anplwaye 97 pousan nan pwofesè nou yo oswa yo pral anplwaye yo. Nou toujou gen 134 pòs pou pwofesè ki vid men ekip la ap travay chak jou pou yo kapab seleksyone ak okipe pòs sa yo. Espesyalis nan

30 Out 2023

sèvis sekirite nou yo anplwaye a 100% pandan n ap kòmanse ane lekòl la. Ane pase, nou te sèlman genyen mwatye nan pòs sa yo ki te okipe pou n kòmanse epi 522 travayè nan sèvis alimantè te rive jwenn anplwa, pa rapò ak 443 nou te anplwaye yo nan moman sa ane pase. Konsènan transpò a, nou te gen 675 siveyan nan bis ki te jwenn anplwa avèks 57 anplis nan pwosesis la, sa ki bay prèske 200 anplis pase kantite n te genyen ane pase a. Nou gen yon efektif konplè pou chofè bis avèk 743 chofè bis ki prè pou yo prezante, sa ki vrèman diferan de 665 chofè nou te genyen nan kòmansman ane lekòl ki sot pase a. Toujou gen yon ti kantite pòs ki pou okipe, men nou nan yon pozisyon ki vrèman diferan pou n kòmanse ane sa pa rapò ak ane ki sot pase a. N ap di ekip kapital imen an yon gwo bout tonton mèsè dèske yo te pase plizyè jounen long ap travay e menm lewikenn pou yo kapab trete tout nouvo anbochman nou yo.

Ekip transpò nou an pare tou pou yo sipòte fanmi yo avèk plis pase 25 reprezantan sèvis kliyantèl pou transpò militeng pou nenpòt fanmi ki bezwen èd avèk transpò a. Fanmi yo ansanm ak elèv yo kapab swiv bis yo a tou avèk “aplikasyon kote bis lekòl mwen an.” Ane sa a, nou te elaji tou kantite kwizin nou genyen ki totalman an fonksyon yo nan 86 lekòl - tout pare pou yo sèvi pla cho ke yo prepare a zewo avèk 20 lòt kwizin lekòl anplis k ap vini disi mwa Novanm nan epi nou pral ofri pla Halal ak pla Kosher pandan nouvo ane lekòl sa a. Pandan ete sa a, nou te netwaye batiman nou yo epi n te bay kèk mizajou ki pral pote yon gwo chanjman, tankou nouvo penti ak sòl ki briye, kèk masonri ak lakou rekreyasyon epi kèk te menm benefisyè renovasyon konplè nan saldeben. Ane pase, nou te kòmanse ane lekòl la avèk 20 lekòl ki te benefisyè 916 inite Klimatizasyon. Ane sa a, nou gen 78 lekòl ki gen plis pase 3,800 inite.

Menm si nou soti lwen pandan ane ki sot pase yo, nou toujou ap travay an kolaborasyon avèk Komisyon Sante Piblik Boston nan ki te rive konseye nou sou pwotokòl COVID nou yo pou ane sa a. Pwotokòl sa yo rete menm pandan ete sa a, men yo diferan pa rapò ak ane lekòl ki sot pase a. Nou p ap fè tès chak de (2) semèn ni tès sentomatik nan lekòl yo, men nou gen tès ki disponib pou sizanka. Tout lekòl yo gen ni mask ki pou gwochè figi timoun ak mask ki pou gwochè figi adult pou nenpòt moun ki bezwen. Ane pase, nou te vaksinen plis pase 5,000 manm nan kominote BPS la pou grip ak COVID, epi n ap travay aktyèlman avèk patnè lasante nou yo pou n kapab ofri egzamen klinik anplis pou ane sa a. Pou n kapab pwoteje tout moun kont COVID ak anpil lòt maladi ak viris, nou mande pou moun yo rete lakay yo si yo malad epi pou yo pratik bonjan règ ijyèn pou men. Anplis de tout travay opresyonèl ki obligatwa pou lekòl yo kapab rive pare, ekip pwogram akademik nou yo t ap travay di pou yo kapab aliyen travay nou nan tout lekòl yo, kote y ap mete yon aksan patikilye sou: Ansèyman solid, kreyasyon anviwònman ki akeyan epi ki solidè, angaje elèv yo pou yo kapab plis prezan ak elaji opòtinite pou edikasyon enklizif yo pou Aprenan Militeng nou yo ansanm ak Elèv ki gen Andikap yo toupatou nan distri a.

Nou akeyi tou plizyè nouvo manm nan ekip la ki pral dirije travay edikasyon enklizif nou an:

Dirije Biwo Sèvis Espesyalize yo

- Chèf Sèvis Espesyalize yo, Kay Seale
- Chèf Adjwen Sèvis ak Sipò, Olga Garriga
- Chèf Adjwen Pwogram Espesyalize, Lauren Viviani

Mwen vle remèsye Lauren dèske l te okipe pòs Sipèntandan Adjwen pwovizwa pou nou pou Edikasyon Espesyal la pou ane ki sot pase a.

30 Out 2023

Dirije Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl la

- Chèf Adjwen Sipò Pedagojik la, Carolina Armstrong
- Chèf Adjwen Operasyon ak Responsablite a, Brittany Baggett

Anplis de nouvo anplwaye yo k ap dirije travay edikasyon enklizif la, mwen vle akeyi tou Francesse Canty ki se nouvo Responsab Kapital Imen nou an ansanm ak Magaly Sanchez, nouvo Chèf pou Avansman Familyal la. Lefèt ke nou gen ekip sa an plas pandan n ap kòmanse nouvo ane a ba nou kapasite ki vrèman nesèsè pou n kapab aplike travay nou gen pou n fè a. Mwen vrèman eksite dèske m genyen yo nan ekip la!

Pou m fini, si fanmi yo toujou gen kesyon avan ane lekòl la kòmanse, men tout kote yo kapab ale pou yo jwenn plis enfòmasyon ak sipò. Mwen twò eksite pou m kòmanse ane lekòl sa a. Toujou gen ajisteman ki pou fèt nan premye semèn yo pwiske sa pran tan pou n abitye ak nouvo woutin yo, men fòk nou gen anplwaye ak sistèm pou jere yo. Mwen konnen ane sa pral ekstra-òdinè!

Pou m fini, m ap swete byenveni ak Chantal Lima Barbosa, ki te prete sèman semèn pase a. Mwen espere travay avèk ou. Se avèk anpil fyète pou m gen yon lòt ansyen elèv BPS nan Komite Lekòl la ki soti nan Burke High School pa nou an, kote yo tout ap ankouraje ou. Sa konsa mwen fini rapò mwen an.

Sipèrentandan an te konfime pou Madam Robinson ke tout pòs lidèchip ki enpòtan yo nan distri a okipe kounya, pandan li te ajoute ke li fyè de ekip li a. Madam Robinson te poze kesyon sou enpak Aprantisaj 5yèm Trimès la. Sipèrentandan an te fè konnen ke li pral prezante yon rapò konplè sou Aprantisaj 5yèm Trimès la pa twò lontan lè gen plis done ki disponib. Li te pale avèk antouzyas konsènan divès opòtinite ki disponib yo pou elèv yo ak konsènan patenarya yo te rive devlope yo. Li te di ke dwe gen plis pwogram pou timoun ki gen laj 12 a 14 lane yo. Madam Robinson te felisite Mesye Mehta pou pèfòmans mizik la nan Pwojè Mizik Boston nan (Boston Music Project) ki fèt nan BPS August Leadership Institute.

Mesye Cardet-Hernandez te mande yon mizajou sou planifikasyon enklizyon an. Sipèrentandan Adjwen Prensipal pou Pwogram Akademik yo, Linda Chen, te di ke ane sa a, tout lekòl pral gen ekip pou planifikasyon enklizyon.

30 Out 2023

Ane k ap vini an, tout lekòl ki gen klas K0, K1, K2, 7yèm ak 9yèm ane pral ofri yon edikasyon enklizif. Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou enskripsyon an. Sipèrèntandan an te fè konnen ke prèske plis pase 50,000 elèv enskri pou Ane Lekòl 2023-2024 la, pandan li avèti ke kantite kapab chanje apre kèk elèv pa prezante pandan premye jou lekòl yo. Li te note ke te gen yon ogmantasyon nan kantite aprenan miltileng ak elèv ki gen andikap yo. Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou kalandriye plan direktè pou etablisman yo nan distri a. Sipèrèntandan an te fè konnen ke yo prevwa bibliye plan an nan fen ane sivil sa a. Li te poze kesyon tou sou Evalyasyon Kondisyon Etablisman yo (FCA). Chèf Adjwenn pou Operasyon yo, Teresa Neff-Webster te fè konnen ke FCA a gen de (2) rapò ladan l ansanm ak yon tablodbò ki pral bibliye pandan sezon otòn nan. Li te dekri FCA a kòm yon zouti ke ekip etablisman yo pral itilize pou kreye yon plan enfrastrikti epi ki pral ede ekip pou Planifikasyon Imobilizasyon an kreye yon plan alontèm pou etablisman yo. Mesye Cardet-Hernandez te mande kilè y ap enfòmè fanmi yo si pitit yo a pa gen yon pwofesè ki sètifye ak ki opsyon ki pral disponib. Sipèrèntandan an te fè konnen ke ekip li a ap rasanble enfòmasyon epi li te di ke li pral bay Komite a enfòmasyon yo ansanm ak yon plan.

Doktè Alkins te mande done sou nouvo pwofesè yo anplwaye yo konsènan sètifikasyon pou Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL). Sipèrèntandan an te dakò fè ekip li a fè swivi avèk enfòmasyon yo.

Doktè Alkins te poze kesyon sou rezilta BPS August Leadership Institute bay yo ak sou santiman yo konsènan nouvo ane lekòl la. Sipèrèntandan te di ke ane sa a, ALI te enkli ekip lidichip pwofesè yo ansanm ak responsab lekòl ki te egzaminen done yo an pwofondè, kote li te ajoute ke te gen anpil angajman ak pozitivite. Doktè Alkins te mande yon mizajou sou espesyalis nan domèn sekirite yo ak sou anplwaye yo ki pran fòmasyon sou pratik jistis reparatris epi ki enfòmè sou twomatis. Chèf Sekirite a, Neva Coakley te di ke gen plis pase 100 moun ki te aplike pou pòs espesyalis nan domèn sekirite yo pami 78 pòs yo. Li te di ke 19 pòs pou koneksyon kominotè te rive okipe, kote se yon nouvo depite ki dirije yo. Tout pòs sou sekirite yo te pran fòmasyon sou de-eskalad ak pratik ki teni kont de twomatis yo. Mesye O'Neill te poze kesyon sou preparasyon transpò yo. Direktè Transpò a, Dan Rosengard te di ke ni apèl d'of pou chofè ak minotè yo te rive fèt avèk siksès semèn ki sot pase a. Chofè yo ap fè esè epi yo pral fè tout sa yo kapab pou yo kapab alè. Li te rekonèt ke ka gen chanjman itinerè pandan y ap ajoute oswa chanje deziyon elèv yo. Mesye O'Neill te poze kesyon sou sèvis transpò pou atletis ak pwonmnad nan chan, ansanm ak preparasyon pou enpak potansyèl fèmte MBTA Red Line pwograme yo. Mesye Rosengard te fè konnen ke ekip li a ap rankontre avèk MBTA ansanm ak otorite minisipal yo pou yo kapab diminye sou enpak fèmte Red Line yo. Transpò BPS ap travay an kolaborasyon avèk depatman atletis la pou yo kapab pwograme evènman ak pou yo ogmante kapasite. Mesye O'Neill te mande yon mizajou sou preparasyon repa fre yo. Sipèrèntandan an te fè konnen ke Direktris Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyon an, Analise Tanner ap elaji òf distri a konsènan repa ki prepare a zewo epi l ap elimine peti a peti manje ki nan pakè yo. Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyon BPS la ap travay avèk moun ki pale Anglè men ki pa natif yo pou yo kapab aplike pou travay e jwenn travay. Sipèrèntandan te pwopoze pou l prezante yon rapò konplè sou Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyon yo nan yon pwochen reyinyon.

Apwouve – Nan apèl la, Komite a te apwouve nan inanimite Rapò Sipèrèntandan an.

30 Out 2023

KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Kim Emery, rezidan West Roxbury ak paran ki gen timoun nan Boston Latin Academy, te temwanyen konsènan elèv ki gen andikap yo ansanm ak patenarya otantik avèk fanmi yo.

Edith Bazile, rezidan e swayan nan Hyde Park, te temwanyen konsènan Rapò Tidwell la ansanm ak ekite rasyal la.

Ruby Reyes, rezidan Dorchester e direktè Alyans pou Jistis nan Edikasyon nan Boston (BEJA), te temwanyen konsènan evalyasyon pèfòmans Sipèrentandan an.

Michael Heichman, rezidan Dorchester e manm BEJA, te temwanyen konsènan ekite rasyal la.

John Mudd, rezidan e avoka nan Cambridge, te temwanyen konsènan evalyasyon pèfòmans Sipèrentandan an ansanm ak plan enklizyon distri a.

Lisa Guisbond, rezidan Brookline e Direktris Egzekitif Sitwayen pou Lekòl Piblik yo, te temwanyen konsènan Rapò Tidwell la.

Sharon Hinton, rezidan e avoka nan Hyde Park, tet temwanyen konsènan divès pwoblèm edikatif.

Deirdre Manning, rezidan Dorchester resident e ansyen paran ki te gen timoun nan Henderson, te temwanyen konsènan politik admisyon lekòl egzamen BPS yo.

Khymani James, rezidan Dorchester e ansyen elèv BPS, te temwanyen konsènan politik ak pwosedi sou prezans yo nan Boston Latin Academy.

ELEMAN AKSYON YO

Apwouve - Nan apèl nominal la, Komite a te, nan inanimite apwouve peman pou kotizasyon yo dwe yo bay Konsèy Great City Schools pou Ane Lekòl 2023-2024 la ki nan montan \$46,746.

Doktè Alkins te note ke pakè sibvansyon yo te gen ladan yo nouvo sibvansyon epi li te di ke li espere resevwa rapò sou rezilta sibvansyon an. Li te mande yon prezantasyon sou sibvansyon yo alavni ki konsantre sou pwogrè ak difikilte. Li te mande kòman yo pral mezire objektif pou patisipasyon fanmi an k ap ogmante a pou Sibvansyon pou Planifikasyon Ijans lan. Sipèrentandan an te fè konnen ke pwochen prezantasyon yo pral estriktire nan yon fason ki entegre done sibvansyon nan domèn ki apwopriye a.

Direktris Sibvansyon ak Fon Ekstèn yo, Yvonne Macrea te fè konnen ke rapò sou rezilta sibvansyon yo apibliye disi fen ane sivil sa a.

Apwouve - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite sibvansyon yo pou apwobasyon ki totalize \$5,842,243.

30 Out 2023

RAPÒ

Pwopozisyon Politik Admisyon Madison Park Technical Vocational High School ki Revize - Doktè Lindsa McIntyre, Chèf Adjwen Lekòl ak Responsablite, ansanm ak Robin Lee, Sipèrentandan Lekòl Rejyon 9 la, te prezante yon ansanm revizyon nan premye politik admisyon ke yo te prezante avan bay Komite a nan dat 24 Me a. Kòm repons pou kòmantè Komite a konsènan posiblite pou gen obstak envolontè, ekip admisyon an te senplifye pwosesis admisyon an pandan yo ranplase egzijans yon atifak ansanm ak de (2) lèt sipò avèk yon sèl grenn “Deklarasyon Enterè” (SOI) sa ki elimine nesosite lèt referans yo epi ki ofri yon sipò ki pi solid pou elèv ki aplike yo. Pwopozisyon yo revize a toujou reponn ak objektif yo ki se respekte règlemantasyon aktyèl eta a ki egzije pou tout lekòl pou Fòmasyon Inivèsité Pwofesyonèl ak Teknik yo (CVTE) pou yo kapab gen yon politik admisyon epi ki asire ke tout elèv yo ap pran yon desizyon ki eklere epi ki vle pouswiv CVTE a.

Madam Lima Barbose te felisite ekip la poutèt yo bay aplikan yo divès metòd pou yo kapab kominike deklarasyon enterè yo (pa egzanzp, ekri; videyo; dyapozitif; oswa entèvyou). Li te pale de eksperyans pèsonèl li antanke yon ansyen elèv lekòl segondè BPS la epi li te eksprime sipò pou posiblite pwopozisyon an pou ede elèv yo ansanm ak fanmi yo pran desizyon ki plis eklere. Li te poze kesyon sou pwosesis pou angajman kominotè a pou chanjman yo pwopoze konsènan admisyon yo. Sipèrentandan an te fè konnen ke BPS pral òganize sansibilizasyon pou elèv ki nan lekòl presegondè yo sou fòmasyon pwofesyonèl epi li ofri toune nan kanpis pwiske li prevwa pou elaji lekòl la pou l gen klas 7yèm a 12yèm ane. Madam Lima Barbose te poze kesyon sou sansibilizasyon pou fanmi imigran yo. Sipèrentandan te fè konnen ke Sant Byenveni BPS yo bay fanmi yo enfòmasyon sou opsyon lekòl yo. Direktè CVTE a, Perino Watson te fè konnen ke ekip a vwayaje nan tout distri a pou yo pataje enfòmasyon sou opsyon CVTE yo ak pou yo ofri vizit pou pwogram pwofesyonèl yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande si y ap toujou plase elèv yo sou plan administratif nan Madison Park. Sipèrentandan an te fè konnen ke li menm ansanm ak ekip li a ap egzaminen deziyasyon administratif yo nan tout distri a epi y ap konsidere lòt mwayen altènatif ke yo kapab aplike konfòmman ak politik distri a. Mesye Cardet-Hernandez te mande si distri a ap fè yon analiz sou repèkisyon enskripsyon pou Madison Park konfòmman ak ekspansyon li pwopoze li a. Sipèrentandan an te fè konnen ke pwojeksyon enskripsyon yo pral lye ak pwogram yo ofri yo nan lekòl yo. Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje ekip la reflechi sou repèkisyon bidjè potansyèl ak konsekans enprevi yo. Sipèrentandan an te fè konnen ke se mete politik enskripsyon lekòl la ajou ki pral premye etap la, apres a se faz konsepsyon an.

Mesye O’Neill te remèsye distri a dèske l te revize pwopozisyon politik la an pwofondè an fonksyon de kòmantè Komite Lekòl la.

Madam Robinson te ankouraje BPS bay elèv yo okazyon pou yo vizite Madison Park ak pou yo aprann plis sou opòtinite teknik pwofesyonèl yo.

Yo prevwa pou Komite a vote nan Pwopozisyon Politik Admisyon nan Madison Park Technical Vocational High School nan dat 13 Sepanm lan.

30 Out 2023

Evalyasyon Somatif sou Pèfòmans Sipèrentandan an pou Ane Lekòl 2022-2023 a - Madam Robinson te bay enfòmasyon jeneral sou evalyasyon Sipèrentandan an, sa ki fè pati responsablite prensipal Komite Lekòl la. Sipèrentandan Skipper te prezante oto-evalyasyon an bay Komite a nan yon reyinyon espesyal nan dat 26 Jiyè a. Aprea, manm Komite ypo te konplete evalyasyon endividyèl yo kote Doktè Alkins ak Mesye O'Neill te konpile yo an yon evalyasyon somatif. Madam Robinson te note ke Sipèrentandan Skipper gen 11 mwa depi l ap bay sèvis nan distri a epi li te vrèman onèt avèk nou depi okòmansman konsènan tout travay ki t ap bezwen fèt nan distri a pou li kapab reprann kap la e ke travay sa pa t ap fèt soti jodi rive demen epi yo sèl grenn pa kapab fè li. Li te ankouraje manm Komite yo, manm ekip lidèchip sipèrentandan an, manm nan piblik la ansanm ak militan kominotè yo pou yo fè pwòp refleksyon pa yo, pwiske yo tout jwe yon wòl nan reysisit oswa echèk distri a. Li te remèsye Sipèrentandan an pou gwo travay li ansanm ak devouman l nan desèvi elèv ak fanmi ki nan Boston yo.

Doktè Alkins te prezante yon rezime ansanm ak rezilta pwosesis evalyasyon Sipèrentandan an pou Ane Lekòl 2022-2023 a.

Men Ansanm Etap ki Fè Pati Evalyasyon an

- Objektif yo antann sou yo
- Yon oto-evalyasyon sipèrentandan an fè
- Evalyasyon pou chak grenn manm
- Evalyasyon somatif
- Vòt Komite a nan evalyasyon somatif la ak nòt pèfòmans final

Kalandriye Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 a:

26 Jiyè	Sipèrentandan Skipper prezante yon oto-evalyasyon
27 Jiyè- 18 Out	Manm yo konplete evalyasyon endividyèl yo
19 - 24 Out	Doktè Alkins ak Mesye O'Neill sentetize tèm yo an yon evalyasyon somatif
30 Out	Komite a prezante yon evalyasyon somatif
13 Septanm	Komite a vote nan evalyasyon somatif la ansanm ak nòt pèfòmans final la

Nòm DESE yo pou Evalyasyon Sipèrentandan an:

- ESTANDA I: Direksyon Pedagojik
- ESTANDA II: Jesyon ak Fonksyonman
- ESTANDA III: Angajman Fanmi ak Kominote
- ESTANDA IV: Kilti Pwofesyonèl

Komite a te adopte griy evalyasyon sipèrentandan ki gen kat kategori DESE a nan yon griy ki pi nyanse ki gen senk kategori ki sou-divize evalyasyon "konpetans" lan an "an devlopman" ak "efikas."

Sipèrentandan an te fikse objektif ki endike annapre yo pou Ane Lekòl 2022-2023 a:

- Priyore ak akselere pèfòmans akademik yo
- Ranfòse Aksè ak Aprantisaj Sosyo Emosyonèl

30 Out 2023

- Rasyonalizasyon Operasyon yo epi Garanti Sekirize Elèv yo
- Devlope divès Pratik Otantik Angajman Fanmi ak Kominotè
- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Anplwaye yo
- Ogmante responsabilizasyon Biwo Santral la ak Lekòl yo

Doktè Alkins te pataje rezilta ak tèm ki endike annapre yo konsènan evalyasyon konpozit la:

ESTANDA I: Direksyon Pedagojik

Nòt Konpozit: Konpetan (Nòt Mwayèn: 3.71/5)

Tèm Kòmantè yo:

- Aliyman pedagojik ki solid; kreyasyon yon ekip solid
- Investisman yo nan alfabetizasyon ekitab la, aprenan multileng/aprenan multileng ki gen andikap yo (MLL/MLLwD) epi prezans lan ankourajan
- Konsantre sou deplwaman enklizyon ansanm ak plan estratejik MLL/MLLwD avèk ESPESIFISITE, epi divèsite anplwaye yo enpòtan anpil.
- Itilizasyon zouti pou alfabetizasyon ekitab ak ekite rasyal yo dwe sèvi defason pi efikas epi yo dwe pataje done ki revele pratik istorik ki inekkitab yo

ESTANDA II: Jesyon ak Fonksyonman

Nòt Konpozit Konpetan (Nòt Mwayèn: 3.71/5)

Tèm Kòmantè yo:

- Nouvo modèl lidèchip òganizasyon ansanm ak modèl rejyonal la founi plis sipò ak responsablite
- Amelyorasyon nan efektif anplwaye, sekirite, ansanm ak akò travay yo
- Evalyasyon Kondisyon Etablisman yo se pral okazyon pou montre yon nouvo angajman ak amelyorasyon pwosesis la
- Konsantre sou kolaborasyon entè-fonksyonèl ansanm ak kontwòl pwogrè.

ESTANDA III: Angajman Fanmi ak Kominote

Nòt Konpozit Konpetan (Nòt Mwayèn: 3.57/5)

Tèm Kòmantè yo

- Felisite Liy asistans telefonik BPS la ak Ranfòsman Konsèy Sit Lekòl yo
- Okazyon ki rate yo pou angajman otantik (konsènan kominikasyon, kalandriye, fizyon lekòl, priz desizyon, pouvwa ak otorite)
 - Sipò solid pou devouman pou deplase BPS nan yon espas kote fanmi ak kominote a enplike pou mete l nan angajman otantik
- Asire kalite antanke yon rezilta; apwofondi apwòch sèvis kliyantèl la epi kontinye mezire

30 Out 2023

enpak/satisfaksyon

ESTANDA IV: Kilti Pwofesyonèl

Nòt Konpozit Konpetan (Nòt Mwayèn: 3.71/5)

Tèm Kòmantè yo:

- Bonjan angajman nan konpetans kiltirèl, nòm ki elve, ansanm ak aprantisaj kontini (vèk sipò atravè devlopman pwofesyonèl)
- Felisite dèske yo estabilize baz prensipal la
- Kontinye devlope relasyon ak mezire enpak
- Evalyasyon tout chanjman, efikasite yo, ansanm ak responsablite, dwe an premye plan

Nòt Jeneral Final: Mètriz

Plan Devlopman Anplwaye

- Domèn Pwen Fò
 - Swiv etap pp konprann difikilte distri a ap afwonte yo an pwofondè atravè yon seri rapò ekstèn epi travay nan plizyè domèn pou pote chanjman
 - Devlope yon rezo rejyonal ansanm ak sistèm konstriksyon pou amelyorasyon nan divès domèn, ansanm ak pwogram etid ak ansèyman (avèk plis detay), relasyon travay, enfrastrikti transpò, elatriye.
 - Kreye yon kilti atant ki elve, atikile klèman valè yo, epi lite pou amelyorasyon kontini pandan l ap adapte e enklizif sou plan kiltirèl.
- Domèn pou Kwasans Kontini
 - Deplase sot nan yon espas kote fanmi ak kominote a enplike pou ale nan angajman famiyal ak kominotè ki otantik
 - Kontinye devlope adezyon ak yon misyon komen ansanm ak angajman ak nòm ki elve yo pami tout anplwaye yo ki gen yon enterè komen pou amelyore rezilta elèv yo ak pou konble lakin yo, pandan y ap itilize evalyasyon done pou mezire enpak, ak pandan y ap ankouraje yon mantalite sèvis kliyantèl (pa egzanp, nonmen defason eksplisit tout prejije sistematik ki kontribye nan difikilte yo, jwenn nouvo fason pou fè evalyasyon pou sa ki pi vilnerab yo)
 - Elabore yon plan direktè ki koyeran ki jis, ekitab, epi ki konpreyansib, sitou pou kominote ki sibi enpak yo

Yo prevwa pou Komite Lekòl la vote nan evalyasyon pèfòmans final Sipèrentandan an pou Ane Lekòl 2022-2023 a nan dat 13 Septanm lan. Pandan otòn sa a, Komite ansanm ak Sipèrentandan an pral travay ansanm pou yo etablib objektif Sipèrentandan yo pou Ane Lekòl 2023-2024 la.

30 Out 2023

Mesye O'Neill te note ke Mesye Mehta te patisipe nan pwosesis evalyasyon an men Madam Lima Barbosa pa t patisipe li menm, pwiske yo pot ko nome li nan Komite a nan moman evalyasyon an. Li te remèsye Sipèrentandan an pou travay li, oto-evalyasyon ki reflechi li a ak pou aksesibilite li. Li te note ke evalyasyon endividyèl manm yo ansanm ak evalyasyon somati yo ap disponib sou [pajwèb Komite a](#)

Komite a te diskite sou si tèm ki te emèje yo ki gen rapò ak objektif Sipèrentandan an pou ane lekòl k ap vini an se objektif ki apwopriye yo yo ye. Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje Komite a pran desizyon ki baze sou done ki bonjan aliyen avèk desizyon sou politik yo ansanm ak objektif ki fikse yo. Li te sijere pou yo ajoute yon langaj ki pi presi konsènan rezilta elèv yo ansanm ak mezi ki klè pou mezire pwogrè. Li te fè konnen ke objektif ki gen rapò ak plan direktè etablisman yo dwe asire ke plan an aliyen avèn efektif enskri ki genyen an ak pwochen efektif enskri yo epi li ogmante opsyon kalite yo nan tout distri a. Doktè Alkins te dakò ke dwe gen plis presizyon nan fason yo eksprime objektif la. Mesye O'Neill te fè konnen ke objektif yo pou Ane Lekòl 2023-2024 la pral yon seri objektif ENTELJAN. Li te sijere pou Komite a diskite sou objektif yo avèk plis detay nan pwochen retrèt Komite a ap gen pou l fè a nan mwa Oktòb la. Doktè Alkins te sijere pou Komite a egzaminen done yo odela de nòt evalyasyon MAP yo. Madam Robinson te fè konnen ke antanke Prezidan Komite, li pale avèk Sipèrentandan an chak jou epi li gen yon pwennvi inik sou travay Sipèrentandan an. Sipèrentandan an te remèsye Komite a pou kòmantè a, kote li te ajoute ke li menm ansanm ak ekip li a pran angajman pou yo kontinye pote amelyorasyon.

Mesye O'Neill te note ke kontra travay Sipèrentandan an endike ke si yo evalye sipèrentandan an kòm efikas oswa egzanzplè pandan ane sa a, ebyen li elijib pou l jwenn yon ogmantasyon salè 2.5%. Li endike tou ke apre 1ye Janvyè 2024, prezidan an ansanm ak sipèrentandan an pral antame bonjan negosiyasyon konsènan salè a ansanm ak ogmantasyon salè potansyèl la pou twazyèm ak katyèm ane anplwa li epi l ap jwenn yon sondaj sou to mache a konsènan salè sipèrentandan an kote Prezidan an te mande pou yo repati l an distri ki gen menm gwosè a nan divès rejyon.

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Kim Emery, rezidan West Roxbury resident e paran ki gen timoun nan BPS, te temwanye konsènan kotizasyon pou abònman nan Konsèy Lekòl Great City yo ansanm ak evalyasyon pèfòmans Sipèrentandan an.

Michael Heichman, rezidan Dorchester e manm Alyans Jistis nan Edikasyon nan Boston, te temwanye konsènan Rapò Tidwell la ansanm ak evalyasyon pèfòmans Sipèrentandan an.

NOUVO BIZNIS

Mesye Cardet-Hernandez te sijere pou Komite a revwa politik admisyon lekòl egzamen yo nan distri a ki espesifik ak pwen bonis yo. Li te mande tou done aktyèl sou deziyasyon administratif

30 Out 2023

yo ansanm ak enfòmasyon sou plan distri yo pou diminye sou kantite elèv ke yo deziyen sou plan administratif yo.

REPÒTE

Madam Robinson te anonse ke apati Mèkredi 13 Septanm lan, Komite Lekòl la pral òganize yon reyinyon ibrid an pèsòn a 6 p.m. nan Bolling Building ki nan Nubian Square, Roxbury, epi y ap difizie l an dirèk sou Tele Vil Boston an ak sou Zoom. Komite pral kontinye ofri de (2) peryòd pou kòmantè piblik, kote premye peryòd kòmantè a ap dire sèlman inèdtan. Y ap priyore moun k ap temwanye an pèsòn yo. Si tan an pèmèt sa a, Komite pral lanse yon temwanyaj vityèl. Apre inèdtan, nenpòt moun ki pa t gen okazyon temwanye pral gen okazyon pou li fè sa nen fen reyinyon an. Nou aksepte temwanyaj ekri. Komite a pral kontinye evalye pwosesis li yo epi pou l fè ajisteman lè sa nesèsè.

Apwouve - A anviwon 10:07 p.m., Komite a te vote nan inanimite, pa apèl nominal, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif